

Moun k ap aprann anglè fè fas ak Inegalite Grav ak Kondisyon enferyè nan lekòl nan NJ

Nouvo rapò vital dekouvri kapasite pou aprann te afekte nan yon moman kote etidyan anglè te bezwen ankò plis sipò

16 Novanm, 2021 – Etidyan anglè (ELs) nan lekòl publik nan New Jersey, ki te deja ap konfwonte sipò ensifizan ak mank atansyon, te rate sèvis vital pandan pandemi COVID-19 lan, dapre yon rapò ki pibliye jodi a pa *Konsòsyòn NJ pou Timoun Imigran (NJ Consortium for Immigrant Children, NJCIC)*, *Pwofesè anglè nan NJ pou Moun ki pale Lòt Lang (NJ Teachers of English to Speakers of Other Languages)/Edikatè Bileng NJ (NJ Bilingual Educators) / (NJTESOL/NBE)*, ak *Sant Lwa Edikasyon (Education Law Center, ELC)*.

Rapò a baze sou yon sondaj anpwofondè sou 80 edikatè ESL/bileng, administratè ak konseye pami adezyon nan NJTESOL/NBE, ogmante pa entèvyou swivi, ansam ak sesyon ekout ak paran, swayan ak jèn ki te reyalize an Avril ak Jiyè 2021.

Òganizasyon yo, ki te resevwa rapò konsènan yon mank sèvis pou etidyan anglè ak fanmi yo pandan pandemi an, te espere pou pi byen konprann aranjman etidyan anglè te resevwa pandan ak pandan peryòd entèripsyon sa a pou etidyan ak fanmi yo.

Rapò a, Etidyan anglè nan New Jersey: Ekspoze Inegalite ak Elaji Opòtinite alaswit Pandemi an, te dekouvri anpil distri lekòl pa t reyisi satisfè estanda ki nan Kòd Edikasyon Bileng New Jersey an oubyen respekte lwa federal. Pami dekouvèt fondamantal yo:

- Plis pase en tyè (1/3) edikatè yo ki te reponn nan sondaj la te deklare mank konfòmite ak regleman eta pou ELs te reprezante yon "pwoblèm grav" nan lekòl yo;
- Prèske en tyè (1/3) patisipan nan sondaj la te rapòte okenn aranjman lengistik nan klas anglè-sèlman pou ELs nan lekòl yo an *anvan pandemi an*, pandan 10 pouzan te deklare Google Translate reprezante aranjman primè oubyen inik aranjman lengistik lekòl yo an te ofri bay etidyan EL;
- Venn sis (26) pou san nan patisipan te rapòte okenn politik rekiperasyon prezans nan lekòl yo, epi plis te rapòte ke lekòl yo an pa t reyisi kominike politik yo bay ELs. Nan kèk lekòl, ELs ap abandone lekòl nan chif ki wo, epi yon edikatè te rapòte 180 abandon nan distri yo pandan pandemi an.

"Repons twoublan nan sondaj nou an enkli timoun ki grangou ki pa resevwa manje paske paran ki pa pale anglè pa t okouran ke lekòl ki fèmen te toujou kontinye bay manje, ale jiska enkyetid kote ELS te senpleman envizib nan sistèm lan," te deklare Kathleen Fernandez, Direktris ekzekutiv nan NJTESOL/NJBE. "Pandemi an te sètènman kreye nouvo defi, men kèk paran te deklare yo te santi sèvis EL yo te toujou enferyè."

NJCIC, ELC ak NJTESOL/NJBE te deja mande lejislatè onivo eta pou dirije fon pou etidyan anglè. An jen 2021, NJTESOL/NJBE te òganize yon kanpay ekri lèt pou ankouraje Ministè Edikasyon (Department of Education) nan NJ pou fè chanjman nan Plan Eta NJ ki te soumèt bay gouvènman federal pou finanse apati Fon Èd Ijans pou Plan Sovetaj Ameriken pou lekòl Primè ak Segondè (American Rescue Plan Elementary and Secondary School Emergency Relief Fund, ARP ESSER) paske li pa t prioyorize etidyan anglè. NJCIC te ofri tou yon temwayaj brèf bay Ministè Sèvis Imen nan NJ nan dat 28 jiyè, kote li te ankouraje eta a pou l itilize yon pati nan fon ARP pou ofri sèvis adisyonèl bay etidyan anglè.

Dapre done yo te rekeyi, òganizasyon yo t ap mande Ministè Edikasyon NJ, Lejislati Eta a, ak Administrasyon Murphy an pou l pran desizyon swivan yo:

- Devlope yon pwoesisis responsabilizasyon pou asire chak distri lekòl respekte Kòd Edikasyon Bileng lan:
- Revize Kòd la pou l ekzije ak amelyore aranjman lengistik, ekzije devlopman pwofesyonèl pou edikatè, epi kreye yon sistèm "ankèt plent" pou reyaji devan denonsiyasyon vyolasyon:
- Ofri sèvis sante mantal ak konsèy bileng, ki apwopriye kiltirèlman pou ede etidyan anglè fè fas ak efè pandemi an ak lòt sous estrès nan lavi.

"Rapò nou an montre klèman ke nou lwen pou n reyalize tout sa nou ka fè pou ofri ELs sipò yo bezwen pou yo reyisi nan lekòl," te deklare Emily Chertoff, Direktris Konsòsyòm NJ pou Timoun Imigran. "Pandemi an te fikse yon limyè vif sou sa pandan li rann sitiayson vin pi mal tou."

"Objektif nou se ede edikatè ak kreyatè politik konprann kisa lwa apwopriye a ye, ke chak lekòl dwe swiv li nan chak distri, epi ekzijans legal yo dwe ranfòse pou garanti ELs tip edikasyon ki rann nout tout fyè," te deklare Jessica Levin, Avoka Prensipal nan Sant Lwa Edikasyon. "Menmsi moman sa a te ekspoze vilnerablite yo, New Jersey gen yon chans

pou l vini yon lidè onivo nasyonal nan egalite edikasyon lè li aplike rekòmandasyon ki nan rapò enpòtan sa a."